

Enfòmasyon pou akize nan tribinal depè -

https://courts.delaware.gov/help/proceedings/jp_infodefendants.aspx

Enfòmasyon sa yo aplike pou akize nan ka penal ak ka sikilasyon tribinal la tandè olye pou moun peye yon amann volontè.

Kisa pou m fè si mwen resevwa lòd pou m konparèt nan tribinal?

Ou dwe parèt nan tribinal la nan dat ki mansyone nan lòd konparisyon nan tribinal la oswa fich kontravansyon an. Asire w ou pote kopi lòd konparisyon nan tribinal la oswa fich kontravansyon an epi, si w vle, ou ka mennen yon avoka pou reprezante w. Ou dwe pote tou yon metòd pèman si ou vle plede koupab epi peye amann nan. Ou ka peye ak chèk, lajan kach, kat debi, oswa kat kredi sa yo: Visa, Mastercard, oswa Discover.

Kisa k ap pase aprè mwen fin rive nan tribinal la?

Lè ou rive nan tribinal la, ou dwe ale sou gichè a epi fè grefye tribinal la konnen ou la. Bay grefye tribinal la non w jan li ekri nan lòd konparisyon nan tribinal ou a. Men, si non oswa òtograf non ki nan lòd konparisyon nan tribinal la pa kòrèk, tanpri fè grefye tribinal la konn sa. Grefye a ap ba w yon dokiman ki rele “Antesedan akize a” pou w ranpli. Lè ou antre nan sal odyans lan, w ap parèt pou yon “premye konparisyon.”

Kisa yon premye konparisyon ye?

Yon premye konparisyon se premye odyans devan yon tribinal depè pou yon akizasyon—si ou vin nan tribinal sou yon lòd konparisyon nan tribinal ou te resevwa anvan sa oswa si yo arete w epi mennen w devan tribinal la.

Kisa k ap pase nan premye konparisyon an?

Nan premye konparisyon an, jij la ap esplike akizasyon yo fè kont ou yo ak sanksyon posib yo. Menm si se pa yon obligasyon, ou ka vle gen yon avoka. Si ka w la se yon ka yo kapab tandè nan tribinal depè a, ou ka pran kèk desizyon konsènan ka w la nan premye konparisyon an.

Si ka w la se yon ka yo pa kapab tandè nan tribinal depè a:

- Jij la ap fikse [kosyon](#) ak nenpòt [kondisyon pou yo libere w](#). Men, jij la ap mete nan prizon san kosyon nenpòt moun ki akize pou yon krim kapital (yon krim yo ka enpoze pèn lanmò pou li).
- Jij la gen dwa fikse yon dat pou lekti ofisyèl akizasyon yo nan lòt tribinal la (tribinal dwa komen oswa tribinal pou kòz lafanmi), oswa pou yon [odyans preliminè](#) nan tribinal dwa komen, si finalman ka w la ap jije nan Tribinal Siperyè a. Si w pa resevwa yon dat pou lekti ofisyèl

akizasyon yo oswa pou odyans preliminè w la nan premye konparisyon w lan, w ap resevwa yon notifikasyon pa lapòs sou lè ak dat la.

Si ka w la se yon ka yo **kapab** tande nan tribinal depè a, nan moman premye konparisyon w lan:

- Y ap fè [lekti ofisyèl akizasyon yo](#).
- Sòfsi w chwazi plede “koupab” nan moman sa a, jij la ap fikse [kosyon](#) ak nenpòt [kondisyon pou yo libere w](#).

Kisa k ap pase nan lekti ofisyèl akizasyon yo nan tribinal depè a?

Nan lekti fòmèl akizasyon yo, y ap mande w pou w pran kèk desizyon konsènan ka w la:

Y ap mande w pou deside si w vle fè lekti fòmèl akizasyon yo (ak jijman, si w plede “pa koupab”) nan tribinal depè a oswa transfere ka w la pou lekti fòmèl akizasyon yo (ak jijman, si w plede “pa koupab”) nan tribinal dwa komen an.

Ou ta dwe konnen jij tribinal depè a pa oblije yon avoka, men jij tribinal dwa komen an oblije yon avoka. Ou ka chwazi pou w fè yon avoka reprezante w nan nenpòt tribinal. Nan pifò sitiyasyon yo, pa gen okenn pwokirè oswa avoka piblik nan tribinal depè a, alòske gen yon pwokirè ak yon avoka piblik (si ou kalifye) nan tribinal dwa komen an.

Si w chwazi transfere ka w la nan tribinal dwa komen an:

- Jij la ka fikse [kosyon](#) ak nenpòt [kondisyon pou yo libere w](#). Nan kèk ka, tribinal la kapab fikse yon dat pou lekti ofisyèl akizasyon yo nan moman sa a. Nan lòt ka, ou ka resevwa dat lekti ofisyèl akizasyon yo pa lapòs.
- Si w ap vin nan tribinal la pou reponn yon lòd konparisyon nan tribinal oswa yon fich kontravansyon epi w konnen ou vle transfere ka w la nan tribinal dwa komen an, ou dwe fè grefye tribinal la konnen ou enterese fè sa pi vit posib (ale nan gichè a).

Si w chwazi kenbe ka w la nan tribinal depè a:

- Jij la ap mande w pou w siyen yon “fòmilè jiridiksyonèl”. Lè w siyen fòmilè sa a, ou dakò pou yo trete ka w la nan tribinal depè a olye tribinal dwa komen an. Ou dwe li fòmilè sa a ak anpil atansyon epi pale ak jij la si w gen nenpòt kesyon.
- Lè w ap siyen fòmilè jiridiksyonèl la, jij la ap mande w si w vle plede “koupab” oswa “pa koupab”. Si ou pa fin konn sa pou w fè nan moman sa a, ou dwe plede “pa koupab”.

Si w chwazi plede “koupab”:

- Si w pa gen avoka, jij la ap mande w pou w siyen yon “fòmilè renonsyasyon pou gen yon avoka”. Lè w siyen fòmilè sa a, ou dakò pou w renonse ak dwa w genyen pou yon avoka reprezante w.
- Jij la ap mande w pou w siyen yon “dosye pledwari koupab”. Fòmilè pledwari koupab la esplike dwa w ap abandone lè w plede koupab la. Si w plede koupab, ou p ap gen dwa pou yon jijman oswa fè apèl kont kondanasyon w lan. Ou dwe li fòmilè sa yo ak anpil atansyon anvan ou siyen

yo epi asire w ou konprann yo. Si w gen nenpòt kesyon, ou dwe poze jij la yo. Aprè w fin siyen fòmilè sa yo, jij la ap [kondane w](#) sòfsi w kalifye pou [libète kondisyonèl anvan jijman](#).

Si w chwazi plede “pa koupab”, jij la ap fikse yon dat pou jijman nan tribinal depè a epi l ap fikse [kosyon](#) ak nenpòt [kondisyon pou yo libere w](#).

Si w kalifye, ou ka mande [libète kondisyonèl anvan jijman](#). Libète kondisyonèl anvan jijman (Probation before Judgment, PBJ) pèmèt yon delenkan primè oswa yon delenkan okazyonèl, nan kèk sikonstans, evite pou gen yon kondanasyon kont li si delenkan an respekte kèk kondisyon. Men kijan yon PBJ fonksyone:

- Delenkan an fè yon pledwari “pa koupab” oswa yon pledwari “san kontestasyon”.
- Tribinal la ranvwaye suit pwosedi ak vèdik yon jijman kondanasyon kont delenkan an.
- Tribinal la mete delenkan an sou libète kondisyonèl pou yon peryòd detèmine, dapre kondisyon tribinal la deside ki apwopriye yo.
- Si delenkan an respekte kondisyon yo, nan fen peryòd libète kondisyonèl la, yo p ap antre okenn kondanasyon nan dosye a.

[Aprann sou kondisyon elijiblite ak lòt enfòmasyon konsènan libète kondisyonèl anvan jijman.](#)

Kisa k ap pase aprè lekti ofisyèl akizasyon yo?

Si ou te plede “koupab”, jij la ap [kondane](#) ou. Si yo enpoze yon amand, y ap atann pou w peye amand lan nan moman sa a oswa pran dispozisyon pou fè yon [pèman pa franch](#) oswa [referans travay](#). Kit yo enpoze yon amand oswa yo pa enpoze yon amand, ou dwe peye frè tribinal ak lòt amann lalwa egzije w yo.

Si w te plede “pa koupab”, grefye tribinal la ap ba w yon dokiman ki rele “Obligasyon/Òdonans pou konparèt”. Dokiman sa a fè w konnen tip ak kantite kosyon ou dwe peye a, si genyen, ki lè w dwe parèt nan tribinal la pou jijman w lan oswa pou odyans preliminè w la, epi ki kote jijman w lan oswa odyans preliminè w la ap fèt. Ou dwe konsève dokiman sa a pou ou ka konsilte li aprè. Si pa gen okenn dat jijman nan dokiman sa a, w ap resevwa yon avi pa lapòs sou dat jijman w lan. Ou dwe bay tribinal la adrès postal ak nimewo telefòn kòrèk ou (si ou genyen youn) epi fè tribinal la konnen si w ap demenaje pou w ka resevwa avi nan men tribinal la. Ou dwe kontakte tribinal la si ou pa resevwa avi jijman ou an nan yon delè rezonab (anviwon 3 semèn).

Kisa k ap pase nan yon odyans preliminè oswa nan yon jijman?

Si w gen yon [odyans preliminè oswa yon jijman nan tribinal dwa komen an](#), oswa yon [jijman nan tribinal pou kòz lafanmi an](#), ou ka klike sou chwa ki apwopriye a pou jwenn plis enfòmasyon sou sitwèb tribinal dwa komen an oswa tribinal pou kòz lafanmi an.

Si yo pwograme w pou yon jijman nan tribinal depè a, ou ka vle revize enfòmasyon ki anba yo.

Kòman pou mwen prepare yon jijman nan tribinal depè a?

Ou dwe mande tèt ou si ou vle fè yon avoka reprezante w. Si ou vle gen yon avoka ki reprezante w, ou dwe kontakte avoka a anvan dat jijman ou an (oswa lekti fòmèl akizasyon yo). Nan senten sitiyasyon ki pa rive souvan, yon avoka piblik ka disponib pou defann moun ki elijib yo nan tribinal depè a. Ou ta dwe verifye nan Biwo Avoka Piblik la pou wè si gen posiblite pou yon avoka piblik trete ka w la.

Ou dwe asire w ou konnen dat ak lè egzakt jijman w lan epi w dwe la alè.

Menm si tribinal depè a mwens fòmèl pase tribinal ki pi wo yo, yo dwe toujou suiv règ ki deside si prè yo akseptab. Si w ap parèt san yon avoka, ou ta dwe eseye familiarize w ak kèk nan règ ki pi enpòtan yo, jan sa dekri nan "[Kesyon ak repons sou règ ki deside si prè yo akseptab](#)".

Ou dwe pote nan jijman an tout foto, dyagram, rapò, oswa lòt bagay ki gen rapò ak ka w la.

Ou dwe mennen tou nenpòt temwen ki ka kontribye nan defans ou. (Jij la pa kapab konsidere yon deklarasyon ekri yon temwen ki pa ka parèt nan tribinal la.) Asire w temwen ou an konnen dat, lè ak kote egzakt pwosè a ap fèt la epi asire w temwen an parèt nan jijman an. Si w pa fin kwè yon temwen ap parèt nan tribinal la, ou ka voye ba li yon lòd pou parèt devan tribinal (fè tribinal la bay lòd pou moun nan parèt nan tribinal la pou temwaye) lè w depoze yon demann pou yon lòd pou parèt devan tribinal nan tribinal la. Tribinal la kapab bay yon lòd pou parèt devan tribinal tou pou prè, tankou foto, rapò, oswa objè ki nan men yon lòd moun, epi ou bezwen yo pou defann ou. Ou dwe mande tribinal la pou bay yon lòd pou parèt devan tribinal anvan dat jijman w lan.

Sonje, ou dwe parèt pou jijman ou an jan yo te òdone sa sinon yo ka akize ou dezobeyi lòd yon jij anplis premye akizasyon w lan (yo) epi y ap bay yon manda darè (yo rele sa yon manda darestasyon lè moun pa parèt nan tribinal) pou arete w.

Si gen yon rezon valab ki lakòz ou pa kapab ale nan tribinal la jou jijman an, ou ka mande pou yo ranvwaye yon odyans pou yon lòt dat (ranvwaye) nan ka w la. Ou dwe fè demann pou ranvwaye yon odyans pou yon lòt dat pi bonè posib. Yo p ap akòde yon demann pou ranvwaye yon odyans pou yon lòt dat ki fèt nan dènye minit.

Pou mande ranvwaye yon odyans pou yon lòt dat nan dosye penal oswa sikilasyon ou a, itilize swa [FÒMILÈ DEMANN ELEKTRONIK POU RANVWAYE YON ODYANS POU YON Lòt DAT POU KA PENAL](#) oswa ou ka telechaje yon kopi nimerik [FÒMILÈ PENAL 35](#) pou ranpli epi voye pa imèl oswa faks bay tribinal jiridiksyon an. Lè w ap itilize fòmèl elektwonik lan, tanpri asire w ou antre tout enfòmasyon w yo kòrèkteman epi w chwazi tribinal ki apwopriye pou jiridiksyon an. Tanpri sonje, si w ap soumèt nenpòt dokiman adisyonèl (sa vle di nòt doktè, nòt travay, elatriye) ou p ap kapab anekse yo ak fòmèl elektwonik demann pou ranvwaye yon odyans pou yon lòt dat lan. W ap oblije voye yo separeman bay tribinal jiridiksyon an ak nimewo ka w la ki byen espesifye nan kwen anlè adwat chak paj w ap soumèt.

Pou plis enfòmasyon, gade direktiv [PD050 POLITIK POU RANVWAYE YON ODYANS POU YON Lòt DAT](#).

Kisa k ap pase nan jijman nan tribinal depè a?

Lè w rive pou jijman an. Li enpòtan pou rive alè pou jijman ou an. Men, ou dwe konnen ka gen yon kantite ka yo dwe tande anvan ka w la, konsa ou ka oblije tann plis tan pase lè ki te pwograme a anvan yo tande ka w la.

Diskou ouvèti. Moun ki reprezante ajans lajistis la ap pale an premye epi li ka bay yon deklarasyon ki tou kout, pou sa tribinal la gen lentansyon pwouve atravè temwayaj li, prè li ak/oswa temwen li. Aprè ajans lajistis la fini diskou ouvèti li a, akize a ka fè yon deklarasyon sou sa li gen lentansyon pwouve, oswa akize a ka tann jiskaskes ajans lajistis la fin prezante prè li yo anvan li fè nenpòt diskou ouvèti.

Temwayaj ajans lajistis la. Aprè deklarasyon ouvèti a (yo), si genyen, y ap mande ajans lajistis la rele premye temwen an pou l temwaye. Nan kèk ka, moun ki reprezante ajans lajistis la ap yon temwen nan ka a. Tout temwen k ap temwaye ap prete sèman nan tribinal la anvan yo bay temwayaj yo. **Ajans lajistis la dwe pwouve ka li a san pa gen okenn dout rezonab.**

Kontrentèwogasyon. Aprè temwen an fin fè temwayaj dirèk li a epi li fin prezante nenpòt prè li ka genyen, akize a oswa tribinal la ka kontrentèwoje temwen an. Kontrentèwogasyon vle di poze temwen an kesyon konsènan nenpòt bagay temwen an te di nan temwayaj li a. Akize a pa dwe kòmanse rakonte pati pa li a nan moman sa a. (Y ap bay akize a opòtinite pou esplike defans li aprè tout temwen pleyan an fin temwaye.)

Temwayaj akize a. Lè ajans lajistis la fin prezante tout temwen ak prè li yo, akize a ka prezante defans li ; lè sa a, l ap rele nenpòt temwen epi prezante nenpòt prè li ka genyen. Akize a kapab, men li pa oblije (paske akize a gen dwa pou l rete an silans) temwaye. Ajans lajistis la oswa jij la ka kontrentèwoje temwen akize a, menm akize a tou si li temwaye.

Refitasyon. Aprè yo fin prezante defans lan, ajans lajistis la ka rele nenpòt temwen refitasyon. Temwen refitasyon yo se temwen ajans lajistis la k ap chache demanti temwayaj temwen akize a.

Diskou fèmti. Lè toude pati yo fin prezante tout prè ak temwayaj yo, ajans lajistis la ka rezime pati pa l nan ka a lè li di tribinal la sa li panse yo te pwouve. Lè sa a, yo bay akize a opòtinite pou l rezime pati pa li a nan ka a.

Jijman. Jeneralman, jij la ap rann vèdik la lè jijman an fini. Men, pafwa jij la ka mande plis tan pou konsidere vèdik la epi l ap ranvwaye jijman pou yon lòt dat. Lè jij la fè sa, y ap fè w konnen kilè pou w retounen nan tribinal la pou vèdik la.

Kisa santans mwen an ka ye?

Daprè enfraksyon an ak lòt faktè, santans ou an ap genyen youn oswa plis nan sa yo ladan:

- Prizon
- Fèmen pou kèk tan nan yon kay tranzisyon oswa yon lòt etablisman, oswa arestasyon sou siveyans
- Amand
- [Sèvis kominotè](#)

- [Libète kondisyonèl](#)
- [Dedomajman](#)

Anplis, yon santans toujou gen ladan frè tribinal yo.

Prizon, amand ak frè tribinal (men pa dedomajman, konpansasyon viktim, oswa pri videyofòn) ka [sispann](#) epi yo kapab mete akize a nan libète kondisyonèl, si jij la wè sa apwopriye.

Kijan jij la deside ki santans mwen ta dwe jwenn?

Lwa yo fikse limit minimòm oswa maksimòm pou amand ak/oswa tan nan prizon oswa sèvis kominotè pou chak enfrazyon. Nan kèk ka, tribinal la ka chwazi pou enpoze libète kondisyonèl anplis, oswa nan plas yon amand oswa prizon. Epiou, si enfrazyon an te lakòz yon lòt moun blese oswa domaj nan pwopriyete yo, akize a ka oblije bay viktim nan dedomajman pou peye tretman aksidan viktim nan oswa reparasyon oswa ranplasman pwopriyete yo.

Pou detèmine santans lan, jij la ap pran an konsiderasyon tip enfrazyon an, ansanm ak antesedan jidisyè akize a, nesesite pou pwoteje kominote a, ak posibilite pou reyabilitasyon akize a.

Pèman amand ak frè tribinal yo

Pèman amand ak frè tribinal yo dwe fèt nan moman santans lan, sòfsi ou fè lòt aranjman ak tribinal la. Ou ka itilize yon chèk, lajan kach, kat debi oswa kat kredi sa yo: VISA, MasterCard, oswa Discover pou peye amand ou ak frè tribinal yo.

Sa k ap pase si mwen pa kapab peye yon amand?

Si w pa kwè w ap kapab peye yon amand yo kondane w pou peye, ou ta dwe di jij la sa. Jij la gen dwa mande w pou w siyen yon plan pèman pa tranch dapre jan w dakò pou w peye amand ou, anmezi tan an ap pase a. Oswa jij la gen dwa bay òdonans pou w prezante w nan Depatman Sèvis Koreksyonèl pou [referans travay](#) olye w peye amand ou an. (Amann pou fon pou dedomaje viktim ak dedomajman yo pa kapab peye gras ak referans travay.)

Si ou te siyen yon plan pou pèman pa tranch epi ou pa kapab fè yon pèman pa tranch, ou dwe **kontakte tribinal la anvan pwochen pèman ou dwe a** pou yo ka revize orè ranvwa ou a oswa pou yo ka ba w yon referans travay.

Si w pa peye yon amand jan yo te bay òdonans pou fè sa, sa ka lakòz yo kondane w pou mepri pou tribinal (pou sa yo ka enpoze yon amand ak/oswa santans prizon) oswa li ka trete kòm yon [vyolasyon libète kondisyonèl](#).

Èske mwen ka fè apèl, si yo deklare mwen koupab?

Jeneralman, yon akize yo deklare koupab nan tribinal depè a ka fè apèl si yo kondane li pou l peye yon amand ki plis pase \$100 oswa yon santans prizon pou plis pase yon mwa (sa ki gen ladan yon santans pou plis pase yon mwa ak libète kondisyonèl). Men,

- Yo ka fè apèl pou ka sikilasyon yo si gen yon amand ki plis pase \$100 oswa yon santans prizon pou plis pase yon mwa.
- Moun ki kondane pou vyolasyon yon kòd, òdonans, oswa règleman nan yon vil, vilaj oswa konte kapab fè apèl kont yon kondanasyon yon jij depè pwononse, san yo pa konsidere kantite amand lan.

Aprè apèl ki konsène vyolasyon òdonans oswa kòd lokal yo oswa konte yo, yo dwe depoze apèl yo nan tribinal dwa komen an nan espas 15 jou aprè dat tribinal depè a fin pwononse santans lan. Apèl ki konsène vyolasyon òdonans oswa kòd lokal oswa konte yo dwe fèt nan espas 5 jou (eksepte wikenn ak jou ferye Eta yo) apati dat kondanasyon an. Yon nouvo jijman ap fèt nan apèl la.

Kondisyon akize yo dwe konnen

(Gen lòt tèm jiridik yo defini nan Glosè ki nan seksyon Resous la nan sitwèb sa a)

Kosyon.

Kosyon se garanti akize a mete oswa yon garanti pou asire akize a ap parèt nan tribinal la aprè. Yon akize dwe siyen yon Obligasyon/Òdonans pou konparèt. Lè akize a konparèt alè pou tout pwosedi tribinal yo epi jijman akize a fini, y ap remèt moun ki te depoze yo a nenpòt lajan oswa byen li te bay kòm kosyon. Si akize a pa konparèt jan yo te bay òdonans pou sa, yo ka konfiske lajan oswa byen yo te bay yo epi, si kantite lajan ki espesifye nan Obligasyon/Òdonans pou konparèt la te pi gran pase garanti yo te bay la, akize a oswa garan an ka oblije peye rès kantite lajan ki espesifye a.

Sa ki annapre yo se diferan tip kosyon yo:

- **O/R (liberasyon sou pawòl).** Sa vle di yo lage akize a san li pa peye okenn lajan, men li dwe siyen obligasyon/òdonans pou konparèt la pou pwomèt l ap konparèt pou nenpòt odyans oswa jijman pi devan.
- **Kosyon san garanti.** Akize a dwe siyen yon obligasyon/òdonans pou l konparèt, men li pa oblije peye okenn lajan kòm garanti anvan li lage. Men, obligasyon/òdonans pou konparèt la presize yon kantite lajan akize a ap gen pou peye si akize a pa parèt jan yo te bay lòd pou sa.
- **Kosyon garanti.** Akize a dwe siyen yon obligasyon/òdonans pou konparèt pou l pwomèt l ap parèt devan tribinal la nan pwochen moman pou li fè konparisyon li. Menm jan ak kosyon san garanti a, akize a dwe peye tribinal la montan sa a si akize a pa konparèt jan li te dwe fè sa. Men, si yo òdone yon kosyon garanti, akize a (oswa yon moun ki reprezante akize a) dwe depoze yon kantite lajan oswa byen espesifik nan tribinal la kòm garanti pou konparisyon akize a anvan pou yo libere akize a. Moun ki depoze garanti a pwomèt pou l peye tout kantite lajan ki espesifye nan obligasyon/òdonans pou konparèt la si akize a pa parèt jan li te dwe fè sa. Yo souvan kontakte yon konpayi kosyon pou depoze garanti a. Si akize a parèt jan yo te bay lòd pou sa, y ap

remèt moun ki te depoze garanti a kantite lajan garanti a. Si se byen yo depoze kòm garanti, gen anpil chans pou jij la mande pou fè yon rechèch tit.

- **Kosyon lajan kach.** Akize a dwe siyen yon obligasyon/òdonans pou konparèt kote li pwomèt pou l konparèt pou pwochen konparisyon nan tribinal la epi akize a, oswa yon moun ki reprezante akize a, dwe vèse tout kantite lajan ki endike nan obligasyon/òdonans pou konparèt anvan yo libere akize a. Si akize a pa parèt, kosyon kach la ka pèdi. Si akize a parèt jan sa te pwograme a, y ap retounen kantite lajan ki depoze a.

Sèvis kominotè

Si yo kondane w pou rann sèvis kominotè, w ap oblije travay pou yon òganizasyon san bi likratif oswa yon lòt antite ki benefisye sipò taks san yo p ap peye li pandan yon peryòd espesifik. Y ap mete w sou libète kondisyonèl tou epi si w pa fè sèvis kominotè a, yo ka akize w pou vyolasyon libète kondisyonèl.

Kondisyon liberasyon

Lè yo libere yon akize anvan jijman an, tribinal la ka, anplis de nenpòt ki kosyon, bay òdonans pou akize a respekte kèk kondisyon. Sa ka gen ladan, men sa pa limite ak sa, bay òdonans pou moun nan pa gen okenn kontak ak yon moun oswa plizyè moun espesifik (òdonans pou pa kontakte), egzijè yon egzamen sikyatrik, mete restriksyon sou vwayaj oswa konsomasyon alkòl oswa dwòg. Si yo pa respekte kondisyon sa yo, sa ka lakòz yo pèdi nenpòt kosyon ansanm epi akize a kondane pou yon krim apa kote yo ka enpoze yon amand ak/oswa prizon.

Libète kondisyonèl

Libète kondisyonèl se santans tribinal la bay yon delenkan dapre kondisyon tribinal la enpoze, sa ki gen ladan sipèvizyon ak konsèy Depatman Sèvis Koreksyonèl la. Si yo mete yon akize nan libète kondisyonèl, tribinal la ka sispann tout oswa yon pati nan yon santans prizon oswa amand. Tribinal la gen dwa bay òdonans pou akize ki nan libète kondisyonèl tou pou l respekte kèk kondisyon espesyal tankou konplete yon kou konsèy oswa tretman.

Dapre nivo libète kondisyonèl yo enpoze a, libète kondisyonèl la ka gen sipèvizyon oswa san sipèvizyon. Si libète kondisyonèl la gen sipèvizyon, akize a dwe rankontre regilyèman yon ajan libète kondisyonèl epi peye frè mansyèl ki nesèse yo.

Dedomajman

Dedomajman se yon kantite lajan yo dwe peye viktim nan pou kouvri depans pou tretman yon blese, oswa pou repare oswa ranplase pwopriyete akize a andomaje. Kantite lajan yo dwe pou dedomajman yo pa ka sispann ni yo pa ka voye yo pou referans travay. Kantite lajan sa yo ka transfere pou vin yon jijman sivil kont akize a viktim nan (yo) ka egzekite (vann byen pèsònèl akize a, sezi salè, oswa kreye yon privilèj sou byen imobilye akize a).

Kondanasyon ak sispannyon (oswa prizon oswa amand ak sispannyon)

Si yo mete tan prizon oswa amand ou a an sispannyon, yo ka mete w an libète kondisyonèl. Si w respekte kondisyon libète kondisyonèl la, ou p ap oblije andire santans prizon ki an sispannyon an ni peye kantite amand ki an sispannyon an. Si w pa respekte kondisyon libète kondisyonèl la, yo ka konsidere ou vyole libète kondisyonèl la epi yo ka re-enpoze tan prizon yo te bay okòmansman an.

Vyolasyon libète kondisyonèl

Yon moun vyole libète kondisyonèl la si li pa respekte kondisyon libète kondisyonèl la. Si sa rive, tribinal la ap fè yon odyans pou vyolasyon libète kondisyonèl. Si tribinal la detèmine akize a te vyole libète kondisyonèl la, li ka re-enoze santans prizon an ak sispansyon oswa li ka kondane akize a pou mete nenpòt sa tribinal la te kapab òdone nan premye santans lan.

Referans travay

Referans travay se yon fason pou yon akize ki pa kapab peye yon amand konpanse montan amand lan. Yon moun yo voye nan referans travay la dwe travay pou Eta a nan yon pousantaj èdtan jiskaske montan amand yo ak depans yo ranbouse. Yo pa ka itilize referans travay pou peye dedomajman oswa pèman fon pou dedomaje viktim.